

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Sacara umum, dina ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan anu ngagunakeun pamarekan kualitatif. Fatchan dina Basrowi (2008: 8) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif dipiharep mampu ngajéntrékeun leuwih jero ngeunaan pénoména nu hésé ditepikeun ngaliwatan panalungtikan kuantitatif.

Sedengkeun sacara husus ieu panalungtikan museur kana analisis struktural jeung hermeneutik kana karya-karya Haji Hasan Mustapa sangkan katitén ajén agama anu nyampak dina éta karya. Dumasar kana tujuan jeung sipatna, ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode déskriptif.

Nurutkeun Sukmadinata (2009: 72) métode déskriptif mangrupa métode pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun rupa-rupa pénoména, boh sifatna alamiah boh jijiyeunan atawa rékayasa, kalawan museurkeun ulikanana kana wangun, kagiatan, karakteristik, parobahan, patalina, sasaruuan, sarta bédana jeung pénoména lianna.

Dumasar katerangan di luhur bisa dicindekkeun yén métode déskriptif nya éta métode anu bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu aktual ku jalan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, jeung napsirkeun data. Sedengkeun téhnik panalungtikan anu dipaké ngawengku talaah pustaka jeung analisis wacana.


#### **3.2 Désain Panalungtikan**

Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Dumasar kana tujuan jeung sipatna, ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode déskriptif.

Ieu métode panalungtikan téh digunakeun pikeun ngadéskripsikeun tur nganalisis ma'na jeung basa dina guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa ngagunakeun pamarekan struktural anu digunakeun pikeun nganalisis carita anu diwangun ku téma, gaya carita, jeung amanat. Ogé digunakeun métode hermeuneutik pikeun napsirkeun maksud pangarang tina hasil sastrana. Sangkan bisa maluruh ajén agama anu aya dina éta karya.

Dumasar kana éta métode, ieu panalungtikan téh didesain saperti dina bagan ieu di handap.

**Bagan 3.1**  
**GALUR PANALUNGTIKAN**



### 3.3 Wangenan Operasional

Moh. Nazir (2003 : 152) nétélakeun yén wangenan operasional téh nya éta hiji wangenan pikeun hiji variabel ku cara méré harti atawa napsirkeun kagiatan atawa méré hiji operasional nu diperlukeun pikeun ngukur éta variabel.

Sangkan panalungtikan leuwih museur, ieu di handap dijéntrékeun istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, di antarana:

**a. Ajén Agama**

Nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda* (2007: 18), ajén nya éta pangaji atawa harga. Upama dihartikeun kana basa Indonesia, ajén sarua jeung nilai. Nurutkeun Achadiat (1992: 14) ajén ngandung harti *gagasan tentang kehidupan yang dianggap amat penting oleh suatu masyarakat atau kelompok manusia*.

Tina katerangan di luhur bisa dicindekkeun yén ajén mangrupa harga pikeun individu atawa kelompok sarta mangrupa standar anu rélatif kana pola pikir, sikep, atawa tingkah laku.

Nurutkeun Danadibrata (2006: 7) agama mangrupa aturan, at. undang-undang anu kaunggel jero kitab suci; ajaran at. élmu pikeun percaya kana ayana Gusti Allah sarta dipercayakeunana ku Nabi. Nurutkeun tafsiran Islam, agama mangrupa naon-naon nu disaré'atkeun ku Allah ngaliwatan paranabi, dina wujud paréntah-paréntah, papahing sarta pituduh-pituduh keur kahadéan manusa di dunya jeung ahérat.

Cindekna ajén agama mangrupa harga anu saluyu jeung aturan anu museur kana papagon anu jadi landasan hirup, dumasar kapercayaan atawa keyakinan manusa kana kakawasaan Pangéran, pikeun ngudag kabagjaan di dunya jeung di ahérat.

### **b. Guguritan**

Nurutkeun Iskandarwassid (2003: 45) guguritan nya éta karangan puisi mangrupa dangding anu teu kawilang panjang. Biasana ukur dina hiji pupuh. Dibacana dihariringkeun maké patokan pupuh.

Bisa dicindekkeun yén guguritan mangrupa karya sastra anu dijieun dina wangun pupuh umumna ngébréhkeun kanyaah antarmanusa, kalakuan manusa, pakasaban, kabudayaan, atikan, jeung sajabana.

### **c. Haji Hasan Mustapa**

Haji Hasan Mustapa mangrupa bujangga pangbadagna di Sunda. Anu dipiagul, dipireueus ku masarakat Sunda. Kungsi dipaparin Hadiah Seni minangka “Sastrawan daérah Sunda” ku Présidén Républik Indonésia dina taun 1977, tur saméméh taun 1965, kungsi dipaparin penghargaan ku Gubernur Jawa Barat.

### **d. Struktural**

Nurutkeun pamadegan Iskandarwassid (2003: 153), struktur dina sastra nya éta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra, gemblereng boga ma’na. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén struktural mangrupa cara nu sipat pikeun ngabedah unsur-unsur nu aya dina hiji objék.

### **e. Hermeneutik**

Sacara étimologis, nurutkeun Sumaryono (1999: 23-24) kecap hermeneutik asalna tina basa Yunani *hermeneuin* anu ngandung harti nafsirkeun. Ku kituna hermeneuin sacara harfiah bisa dihartikeun salaku ‘penafsiran’ atawa

interpretasi. Hermeneutik dina ahirna bisa dihartikeun salaku prosés ngarubah hiji hal atawa situasi anu tadina teu apal jadi apal. Hermeneutik miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun eusi tina hiji karya pangarang ku hiji panafsir.

#### **f. Guguritan *Kinanti Kulu-Kulu***

Guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* mangrupa guguritan hasil karya Haji Hasan Mustapa. Anu geus ditransliterasi ku Ruhaliah tur geus disumebarkeun di masarakat dina taun 2009. Sakabéhna aya 203 pada dina wngun pupuh kinanti.

#### **3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Pikeun mikanyaho ma'na nu aya dina guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa kalawan leuwih jéntré jeung gembleng, perlu ditalungtik perkara struktur caritana. Sabada dipaluruh sacara struktural, dibéré ma'na sacara gembleng ti tiap pada, sangkan diahir bisa katitén ajén agama nu nyampak dina ieu guguritan.

Dina waktu ngumpulkeun data, instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Carana ku jalan nyalin jeung midangkeun kalimah atawa pada dina guguritan. Anu dijadikeun sumber data nya éta anu némbongkeun unsur téma, latar, gaya basa, amanat, jeung ma'na sacara gurat badag tina eusi guguritan *Kinanti Kulu-Kulu*. Unggal analisis ditabulasikeun dumasar kana tabél anu geus disadiakeun. Kartu data anu digunakeun katitén di handap.

**Tabél 3.1**  
**Conto Kartu Data Patokan Pupuh Guguritan *Kinanti Kulu-Kulu***

Pada	Guru Lagu/Wilangan					
	8-u	8-i	8-a	8-e	8-a	8-i
1	√	√	√	√	√	√
2	√	√	√	√	√	√
3	√	√	√	√	√	√
4	.....	.....	.....	.....	.....	.....
5	.....	.....	.....	.....	.....	.....

**Tabél 3.2**  
**Conto Kartu Data Jumlah Larik Pupuh**

Guguritan <i>Kinanti Kulu-Kulu</i>	
Jumlah Bait	
Jumlah Baris	
Jumlah Larik	

**Tabél 3.4**  
**Conto Kartu Data Hasil Analisis Data**

No.	Eusi Guguritan	Hasil Analisis Data kana Guguritan <i>Kinanti Kulu-Kulu</i> di Pada Ka -
1	Asal Usul Manusa	
2	Puasa	
3	Zakat	
4	Hubungan Manusa jeung Pangéran	
5	Hubungan Manusa jeung Papadana	
6	Ahérat	
7	Takdir	
8	Al Qur'an	
9	Solat jeung Haji	
10	Biografi Singget Haji Hasan Mustapa	

**Gambar. 3.1**  
**Conto Kartu Data**

1.	Judul Guguritan	: .....
2.	Pangarang	: .....
3.	Cutatan guguritan	:
	(1)	.....
		.....
		.....
4.	Bahasan :	
		.....
		.....
		.....
		.....
		.....
		.....

### 3.5 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2002:102) panalungtikan anu ngagunakeun dokumén disebutna sumber data atawa subyék panalungtikan. Sedengkeun eusi dokumén, disebutna subyék atawa variabel panalungtikan.

Luyu jeung éta katerangan, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa, mangrupa guguritan anu geus ditransliterasi tina aksara Arab Pégon kana aksara Latén ku Ruhaliah. Guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* diwangun ku 203 pada. Éta sumber dipiharep bisa ngawakilan pikeun maluruh Hasil karya Haji Hasan Mustapa, hususna ngeunaan eusi karyana tur ajén agama nu aya dijerona.

### 3.6 Téhnik Analisis Data



Saméméh dianalisis, data nu geus dikumpulkeun téh diklasifikasikeun ngaliwatan téhnik-téhnik sakumaha anu geus disebutkeun di luhur. Sabada diklasifikasikeun, data diréduksi ngaliwatan prosés seléksi, museurkeun, ngabasajankeun, jeung abstraksi data. Data diseléksi ku jalan milah-milah kalawan tujuan meunangkeun ma'na nu tangtu ditilik tina puseur pasualan panalungtikan. Dumasar kana masalah dina ieu panalungtikan, prosédur analisis data téh ngawengku léngkah-léngkah sakumaha ieu di handap.

- 1) Maca naskah guguritan karya Haji Hasan Mustapa di antarana: (1) Guguritan *Kinanti Kulu-Kulu*; (2) Guguritan *Sinom Barangtaning Rasa*; (3) Guguritan *Asmarandana Nu Kami*; (4) Guguritan *Dangdanggula Sirna Rasa*;
- 2) Milih guguritan anu jadi bahan panalungtikan;
- 3) Nganalisis struktur téks guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa;
- 4) Ngadéskripsikeun eusi guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa ngagunakeun métode hermeneutik;
- 5) Nganalisis ajén agama anu nyampak dina guguritan *Kinanti Kulu-Kulu* karya Haji Hasan Mustapa;
- 6) Nyusun laporan panalungtikan dina wangun tésis.